

Garanti Lekti Twazyèm Klas: Enfòmasyon sou Egzanpsyon pou demann paran an

Ki egzanpsyon demann paran an?

Nan Ohio, antanke paran/moun k ap bay swen ou ka mande pou yo pase pitit ou a nan 4yèm ane, kèlkeswa si pitit ou a te rive jwenn nòt pou pwomosyon nan egzamen eta Ohio pou klas 3yèm ane nan lang angle.

Pandan ke w antanke paran w ap bay pi gwo otorite pou konnen si pitit ou a ap monte nan katriyèm ane, ou bezwen pale ak pwofesè lekti 3yèm ane ak direktè lekòl pitit ou a. Men kèk echantiyon kesyon pou w poze lekòl la.

Egzanp Kesyon

- Anplis tès eta Ohio pou 3yèm ane eskolè anglè, ki lòt evalyasyon lekti yo te bay ane sa a ak ki jan pitit mwen an te fè nòt?
- Ki sipò lekti lekòl la te bay pitit mwen an ane sa a e ki pwogrè pitit mwen an fè?
- Ki konpetans debaz pitit mwen an bezwen travay pou l retounen sou wout li?
- Ki jan konpetans lekti pitit mwen an gen enpak sou lòt matyè akademik yo?
- Si mwen chwazi pou pitit mwen an ale nan klas 4yèm ane, ki sipò lekti pitit mwen an pral resevwa nan klas 4yèm ane?
- Kiyès ki pral pwofesè pitit mwen an (yo) nan klas 4yèm ane a pou plis pase 90 minit ansèyman lekti chak jou ki nesèsè yo, ki gen ladan sipò ansèyman entansif?
- Kisa mwen ka fè pou sipòte pitit mwen lakay li pou aprann li?
- Ki resous, pwogram leson patikilye, oswa lòt pwogram apre lekòl ki disponib pou pitit mwen an? Èske resous lokal sa yo te ede lòt timoun ki gen menm bezwen aprantisaj?

Dapre lwa Ohio, elèv ki fè pwomosyon dapre egzanpsyon sa a ap resevwa omwen 90 minit ansèyman lekti chak jou ki gen ladan entèvansyon entansif jiskaske timoun nan ap li nan nivo klas li.

Si w ta renmen ke pitit ou a pase nan klas 4yèm ane, ou ka itilize [Egzanp Lèt Egzanpsyon pou demann paran an](#) pou di lekòl pitit ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Garanti Lekti Twazyèm Ane sou [Depatman Edikasyon ak Mendèv nan Ohio sitwèb\(Ohio Department of Education and Workforce website\)](#). Pou li langaj legal ki aplike pou egzanpsyon sa a, chèche Ohio Kod Revize 3313.608..